

GID POU PARAN YO POU LANG AK LITERATI ANGLÈ KLAS 1YE ANE

Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrès akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou pou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas premye ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.

APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas premye ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas premye ane** yo ap aprann kalite leson sa yo:

- Rakonte istwa, ki gen detay kle k ap ede montre kijan yo konprann mesaj oswa leson santral ki nan istwa yo.



- Eksplike gwo diferans ki genyen ant liv ki rakonte istwa ak liv ki bay enfòmasyon.



- Montre yo konprann mo ki pale yo, silab yo ak son yo.
- Li avèk presizyon ak konpetans ki ase pou sipòte sa yo konprann nan.



Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè pou Klas 1ye Ane sou sitwèb www.flstandards.org

#FLStandards
Antre nan konvèsasyon an



Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.

PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Sonje, ou se premye pwofesè pitit ou epi w ap toujou pwofesè ki pi enpòtan an pou pitit ou. Reflechi sou yon rankont kòm yon “reyinyon ekip” kote w ap dekouvri kontribisyon espesyal nou chak kapab pote pou siksès elèv klas premye ane ou.

Mande pwofesè a kèk egzanzp materyèl lektri ki kapab sipòte aprantisaj la.

Ansanm avèk pwofesè a, gade kèk egzanzp yon bagay pitit ou te kreye, tankou yon desen oswa yon travay atistik, oswa ou kapab revize liv pitit ou renmen yo. Mande pwofesè a kisa travay la di sou kòmansman pitit ou nan vwayaj pou li vin yon lektrè ak ekriyen ki gen konfyans nan tèt li.

SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Montre ou se yon modèl nan lektri. Si pitit ou wè w ap li l ap vle li aprann li.

Jwe jwèt lèt alfabè yo. Chwazi yon lèt. Reflechi sou yon moun ki gen non li ki kòmans avèk lèt la. Bat bravo yon fwa. Answit reflechi sou yon bagay. Bat bravo de fwa. Si ou kapab, reflechi sou yon kote. Si ou kapab reflechi sou toulède oswa toulètwa, sote epi bat bravo twa (3) fwa!



Lè w ap fè yon lis sa pou achte, fè pitit ou chwazi 3–5 atik l ap ede ou jwenn. Kopye atik sa yo nan vèsyon lis pitit ou, avèk yon melanj lèt ak desen.



Lè ou deyò, mande pitit ou pou li gade yon bagay ki kòmans avèk son “p” (oswa yon lòt son) epi mande li pou sipoze kisa ou wè a. Chanje wòl yo.



Kòmans yon klib liv fanmi.



Pran plezi ou avèk istwa ou li yo! Itilize diferan vwa. Fè efè son yo ak figi yo vin amizan. Jwe wòl nan istwa yo. Mache, danse oswa bouje kò w menm jan ak pèsonaj yo.



Lè w ap li pou pitit ou, bouje dwèt ou anba mo yo depi agoch pou rive adwat pandan w ap li chak liy.



Poze pitit ou kesyon sou sa li wè ak sou eksperyans li fè. Asire kesyon ou yo mande repons avèk fraz (plis pase repons wi/non).



Tout kote ou ale, mete omwen yon ti liv nan valiz ou. Mete liv la deyò pou nou amize nou ansanm nenpòt moman ou kapab.



Ale souvan nan bibliyotèk piblik lokal ou. Kite li wè w ap chwazi liv, kite li wè w ap prete liv epi kite li wè ou renmen liv..



Bay posiblite pou pitit ou tape sou yon klavye.

Pale avèk pwofesè pitit ou avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.

Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb www.flstandards.org

Ou gen kesyon? Kontakte JustforParents@fldoe.org